



Chapit sa a konsidere risk pou sante klimatik, vilnerabilite, ak estrateji rezistans nan kontèks inik Vil Nouyòk epi li bay yon mizajou sou prèv depi dènye evalyasyon sante Komite Vil Nouyòk sou Chanjman Klimatik (NPCC) nan 2015 (NPCC2, Kinney et al., 2015). Chapit la diskite sou risk sante ki asosye ak inondasyon ak chalè an detay epi li bay yon apèsi sou risk sante ki soti nan kalite lè nou respire a, ensèk ki pote maladi, kalite dlo, ak löt ijans sante piblik (pa egzanp, pandemi) ki ka rann pi mal risk sante ki gen rapò ak klima.

**Pwen esansyèl nan chapit sa enkli:**

1. **Risk sante ki gen rapò ak chanjman klimatik yo se yon menas pou tout Nouyòkè, men sitou pou moun ki pi vilnerab yo akòz laj, move sante, patipri ant ras ak nivo sosyal, e izolasyon sosyal.** Inegalite nan anviwònman fizik kay ak katye yo lakòz tou vilnerabilite nan enpak sante ki gen rapò a klima. Abòde prensipal faktè anviwònmantal ak sosyal k ap enfliyanse vilnerabilite sa a se yon estrateji esansyèl nan ajisteman klima.
2. **Vag chalè yo se, an mwayèn, kalite move tan ki touye plis moun nan Vil Nouyòk ak anpil nan peyi Etazini.** Menm lè fè cho, men pa nan yon nivo ekstrèm, move tan ete ka lakòz maladi grav, lanmò, ak löt domaj nan byennèt. Pifò lanmò ki gen rapò ak chalè se akòz kondisyon sante kwonik yo vin agrave (pa egzanp, maladi kadyovaskilè). Moun ki vilnerab yo enkli moun ki pa gen è kondisyon, ki gen youn oswa plizyè kondisyon sante fizik oswa mantal, ki pa gen sekirite enèji, granmoun aje, oswa ki gen travay ki ekspoze yo nan tanperati andedan oswa deyò ki pa an sekirite. Mezi ke nou adapte yo, tankou ogmante aksè a è kondisyon nan mitan popilasyon vilnerab yo nesesè pou pwoteje yo kont risk sante nan kontèks chalè pandan tout sezon an.
3. **Sante piblik ka afekte anvan, pandan, ak apre inondasyon, sa ki ekspoze Nouyòkè yo a risk pou nwaye oswa löt blesi, evakyasyon bripsoukou (ki bay anpil estrès), deplasman kout oswa alontèm soti kite kay, kontaminanasyon dlo ak mwazi ki soti nan dlo sal, epi ekspoze a plizyè danje pandan netwayaj ak reparasyon.** Dezavantaj sosyo-ekonomik, inegalite rasyal, kondisyon sante ki te deja egziste, ak lojman ak enfastrikti vilnerab pou inondasyon yo ogmante enpak sou sante inondasyon yo. Estrateji ki adpate pou modifie faktè sa yo, tankou modènizasyon bilding rezidansyèl yo pou pwoteje okipan yo ak sistèm biling kont inondasyon, ka diminye enpak inondasyon nan lavni sou sante.
4. **Tan ki pi cho ka ogmante konsantrasyon nan polyan lè danjere, ki gen ladan patikil amann ak ozòn nan nivo tè, lè li ogmante emisyon nan polyan ak akselere reyakson chimik nan atmosfè a.** Polyan sa yo danjere pou sante tout Nouyòkè yo, men sitou pou timoun pití ak granmoun, moun ki gen sèten kondisyon sante kwonik, moun ki pa gen è kondisyon rezidansyèl yo, ak moun k ap viv kote emisyon nan biling ak trafik yo konsantre. Pifò faktè ki ogmante eksposizyon polisyon lè ke n ap respire a ak enpak sou sante yo pi komen nan mitan fanmi Nwa, Latino, ak moun ki manke mwayen. Konsantrasyon polyan danjere nan lè a nan Vil Nouyòk ap diminye malgre chanjman nan klima, men dènye nyaj lafimen ki soti nan dife bwa ki te agrave chanjman klimatik demontre potansyèl pou tandans sa a ranvèse. Efò pou redwi plis emisyon ak ekspoze popilasyon vilnerab yo ka anpeche oswa diminye enpak sou kalite lè ki gen rapò ak klima a.
5. **Chanjman klimatik la lakòz sezon pwodiksyon polèn plant pi bonè, pi long, e petèt pi entans. Nan Vil Nouyòk, polèn ki soti nan plizyè espès pye bwa komen, ragweed, ak zèb kontribye nan alèji sezonè e agrave sentòm asma.** Pwobèm asma pi mal kote kominate yo ekspoze ak plis faktè nan kay yo ki provoke kondisyon ak sentòm asma. È kondisyon ak filtraj ka diminye eksposizyon polèn andedan kay la. Atansyon nan dansite kouvèti pyebwa lokal yo ak konpozisyon espès ansam ak aksè amelyore a swen sante, jesyon asma ki baze sou prèv, ak edikasyon pasyan yo ka diminye eksposizyon polèn, vilnerabilite, ak maladi alèjik nan lavni.
6. **Distribisyon moustik ak tik yo nan lavil la ak potansyèl pou moun enfekte ak maladi grav varey daprè sa ki differan nan anviwònman konstwi, abitasyon natirèl, ak abondans nan zannimo k ap resevwa yo, konpòtman moun, ak vilnèrabilite popilasyon an.** Granmoun ki pi gran nan laj, moun ki gen maladi kwonik, ak moun ki san kay yo pi fasil pou konplikasyon nan enfeksyon virus West Nile. Risk maladi Lyme pami Nouyòkè yo ogmante pou moun ki patisce nan aktivite deyò sitou andeyò vil la, men tou nan Staten Island ak yon zòn limite nan Bronx. Risk pou löt maladi vektè tankou lafyèv deng ogmante pa vwayaj entènasyonal oswa imigrasyon ki soti



nan zòn maladi yo prevalan. Siveyans maladi, siveyans ak kontwòl vektè, ak konsyans publik ak konesans doktè ka diminye risk pou lavni nan yon klima k ap chanje.

7. **Chanjman klimatik ka ogmante risk pou yo ekspoze a patojèn dlo ki nan sifas ak dlo ize ozalantou Vil Nouyòk, ak bakteri legionella ki soti nan gwo fò won refwadisman ak sistèm dlo potab.** Ogmante inondasyon ka lakòz ekspoze a kontaminan ki soti nan rezèv dlo egou nan kay la, ak nan dlo sifas ki soti nan debòdman egou konbina (CSO). Tanperati k ap monte fasilité kwasans ak pwopagasyon patojèn (egzanp, bakteri ki lakòz maladi gastwoentestinal). Chanjman klimatik nan lavni kapab afekte kalite rezèv dlo pou bwè nan Vil Nouyòk. Kontinye antretyen ak ajisteman enfrastrikti ansanm ak siveyans kowòdone sou kalite dlo, sante moun ak bêt ka ede anpeche epi kontwole enpak kalite dlo sou sante.
8. **Risk klimatik yo ka agrave lè yo deranje sistèm enfrastrikti oswa sipèpoze ak ijans sante publik ki pa klimatik (pa egzanp, pann kouran pandan evènman chalè ekstrèm, ak pandemi COVID-19).** Risk pou sante ki soti nan danje konbina yo ka diminye lè yo envesti nan enfrastrikti enpòtan ki esansyèl pou sante ak sekirite, tankou enèji, dlo, dlo ize, komunikasyon ak transpò, ak batì sistèm mekanik ki adapte ak move tan, fleksib, epi ki ekipe ak sovgad. Rezo ijans rapid, fleksib ak kolaboratif nesesè pou reponn a pandemi ak lòt danje konbina ki pa prevwa.

### Rezime

Chanjman Klimatik ak Risk Sante Vil Nouyòk souliye ke risk sante ki soti nan chalè ak inondasyon reprezante pi gwo menas aktyèl ki gen rapò ak klima a pou sante publik nan Vil Nouyòk. San ajisteman kontinyèl, chanjman nan klima pral agrave risk sante ki soti nan ete ki pi cho e ogmante frekans ak severite inondasyon yo. Lòt eksposizyon ki sansib nan klima ki danjere pou sante moun gen ladan yo: 1) polisyon lè n ap respire deyò ak andedan kay la, ki gen ladan alèjèn aeryèn; 2) ensèk vektè maladi imen; 3) kontaminan enfektye ak chimik ki soti nan dlo. Nou konsidere risk sante konpoze ki soti nan evènman metewolojik ekstrèm nan menm tan, echèk enfrastrikti, oswa lòt ijans sante publik, tankou pandemi COVID-19 la. Nou dekri estrateji ki base sou evidans pou diminye risk sante ki gen rapò ak chanjman nan klima.

### Otè Chapit yo:

Thomas Matte, Kathryn Lane, Jenna F. Tipaldo, Janice Barnes, Kim Knowlton, Emily Torem, Gowri Anand, Liv Yoon, Peter Marcotullio, Deborah Balk, Juanita Constible, Hayley Elszasz, Kazuhiko Ito, Sonal Jessel, Vijay Limaye, Robbie Parks, Mallory Rutigliano, Cecilia Sorenson, Ariel Yuan

### Rekonesans:

Gwooup Rechèch Kominikasyon Risk nan Invèsite Cornell te devlope premye bouyon rezime sa a. Mèsi anpil a Dr. Katherine McComas, Pwofesè, Depatman Kominikasyon, ki gide nou nan rezime chapit sa a. Epitou, Mèsi a Dr. Catherine Lambert, Konferansye, Depatman Kominikasyon, Dr. Dominic Balog-Way, Asosye rechèch, Depatman Kominikasyon, Alisius Leong, Kandida Doktora, Depatman Kominikasyon, Rebekah Wicke, Etidyan Doktora, Depatman Kominikasyon, ak Dr. Josephine Martell, Dwaven Asosye Akademik, Nivo Metriz.

### Sitasyon Rekòmande

Matte, T. D., Lane, K., Tipaldo, J., Barnes, J., Knowlton, K., Torem, E., Anand, G., Yoon, L., Marcotullio, P. J., Balk, D., Constible, J., Elszasz, H., Ito, K., Jessel, S., Limaye, V. S., Parks, R. M., Rutigliano, M., Sorenson, C., Yuan, A. (2024). NPCC4: Climate Change and New York City's Health Risk: Summary. [www.climateassessment.nyc](http://www.climateassessment.nyc)